



KONNEN DWA OU YO

Ou gen dwa pou w vote nan yon eleksyon jeneral oswa nan yon eleksyon espesyal si:

- Ou se yon elektè ki anrejistre.
- Ou anndan oswa ou nan liy nan biwo vòt ou a ant 6:00 a.m. ak 9:00 p.m. nan Jou Eleksyon an oswa ou fè vòt antisipe (ale sou sit [vote.nyc](#) pou jou yo ak orè yo).

Ou gen dwa pou w vote nan yon eleksyon primè si:

- Ou se yon elektè ki anrejistre e ou enskri nan yon pati k ap òganize eleksyon primè, sofsi règleman pati leta yo otorize yon bagay ki kontrè.
- Ou anndan oswa ou nan liy nan biwo vòt ou a ant 6:00 a.m. ak 9:00 p.m. nan Jou Eleksyon an oswa ou fè vòt antisipe (ale sou sit [vote.nyc](#) pou jou yo ak orè yo).

Vòt Antisipe

Ou gen dwa pou w fè vòt antisipe. Vòt antisipe yo ap fèt pandan nèf (9) jou konsekitif anvan chak Jou Eleksyon, l ap kòmanse 10 jou anvan Jou Eleksyon an. Ou ka vote tou nan Jou Eleksyon an. Pou w ka konnen ki kote pou w fè vòt antisipe oswa nan Jou Eleksyon an, ale sou sit [vote.nyc](#).

Nan kèlkeswa eleksyon an, ou gen dwa pou:

- Chwazi nenpòt ki moun pou asiste w (eksepte anplwayè w oswa reprezantan sendikal ou), sa gen ladan, yon moun kalifye k ap travay nan biwo vòt la, si w bezwen èd pou w vote.
Si w bezwen yon entèprèt, entèprèt yo disponib pou asiste elektè yo nan sèten sit byen presi.
 - **Rele 866-VOTE-NYC pou w jwenn plis enfòmasyon, ki enkli ki biwo vòt ki gen entèprèt pou Espanyòl, Chinwa (Kantonè ak Mandaren), Koreyen, Bangla, Pounjabi ak Indi.**
 - **Ale sou sit [on.nyc.gov/vla](#) pou w wè ki kote pou vote ki gen entèprèt Komisyón Angajman Sivik Vil New York (NYC Civic Engagement Commission) pou lang Arab, Bangla, Chinwa (Mandaren, Kantonè), Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Italyen, Polonè, Ris, Yidish ak Oudou.**
- Vini ak yon entèprèt anndan kabin vòt la (reprezantan sendikal oswa anplwayè pa otorize antre).
- Mande anplwaye elektoral yo kijan pou make ak soumèt bilten vòt ou a.
- Vini ak dokiman sou kandida yo ak kesyon sou bilten vòt yo, tankou Gid pou Elektè CFB a. (Tanpri ale avèk dokiman sa yo lè w fin vote.)
- Vote kanmèm menm si machin vòt la an pàn.
- Vote pa “bilten vòt pa afidavit” si non w pa nan lis elektè yo nan biwo vòt ou a.
- Pran lè nan travay ou pou w al vote: Lwa Eta New York yo otorize w pran jiska dezèdtan peye nan travay ou swa nan kòmansman oubyen nan fen peryòd travay ou pou w al vote, depi w avize anplwayè w la omwen de (2) jou anvan Jou Eleksyon an.
- Selon lalwa federal ak lalwa leta, moun ki gen andikap yo gen dwa pou yo jwenn èd pou yo enskri nan lis elektoral yo, gen aksè fasil nan biwo vòt yo, epitou pou yo jwenn asistans pou yo ranpli bilten vòt yo a. Si w gen yon andikap e w santi ke yo neglige dwa w pou yo asiste w pandan w ap vote oswa pandan w ap enskri pou w vote, tanpri rele 311.
- Si aktyèlman ou an pwobasyon oswa an libète kondisyonèl, ou gen dwa pou w vote. Si w te deja anrejistre anvansa, dosye elektè w la ta dwe aktif toujou. **Verifye estati enskripsyon elektè w la: [voterlookup.elections.ny.gov/](#)**

Si w ap vote pou premye fwa, yo ka mande w pou w montre pyès idantite w pou w vote.

- Fòm idantifikasyon ki akseptab yo enkli pyès idantite valid ki gen foto sou li oswa fakti sèvis publik aktyèl, etadkont labank, chèk gouvènmantal oswa chèk pewòl, oswa dokiman gouvènmantal ki gen non ak adres sou li.
- Si ou pa ka oswa si ou chwazi pou w pa montre pyès idantite w, ou gen dwa pou w vote pa bilten vòt pa afidavit.

VOTE

Twa etap byen fasil pou w vote nan Jou Eleksyon an oswa pandan Vòt Antisipe. Mande pou itilize Aparèy pou Make Bilten Vòt la si w bezwen èd pou w ranpli chwa w yo.

1 | Pran Bilten Vòt ou

- Ale nan biwo vòt yo deziyen pou ou a epi jwenn tab ki kòrèk la pou Distri Asanble/Distri Elektoral ou a (nimewo sa yo enprime sou avi ou resevwa ki soti nan Konsèy Elektoral la ak nan etikèt postal Gid pou Elektè w la) oswa nan findmypollsite.vote.nyc/
- Konekte w epi pran papye bilten vòt ~~de-paj~~ ou a nan men moun k ap travay nan biwo vòt la. Y ap founi w yon katab prive pou kache bilten vòt ou a pou pèsòn pa wè l apre w fin make l. Toulède bòpaj bilten vòt la ap gen enstriksyon sou yo pa anwo.
 - Pati pou **Sistèm Vòt Chwa Klase** a nan bilten vòt la ka genyen kous elektoral sa yo: Majistra, Defansè Publik, Kontwolè, Prezidan Minisipalite ak Konsèy Minisipal.
 - Pati pou **Sistèm Vòt Chwa kl Pa Klase** a nan bilten vòt la ka genyen kous elektoral sa yo: Pwokirè Distri, Komite Deta, Jij Tribunal Sivil (Distri oswa Konte), Chèf Distri, Delege pou Konvansyon Jidisye.
- Ale nan kabin vòt prive a oswa mande pou w itilize Aparèy pou Make Vòt la.

2 | Make Bilten Vòt ou

Ou ka klase jiska 5 kandida nan lòd ou pi pito a.

	1	2	3	4	5
KANDIDA A	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
KANDIDA B	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
KANDIDA C	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
KANDIDA D	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>
KANDIDA E	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>

- Chwazi kandida w pi pito a epi ranpli ival ki koresponn ak kandida sa a nèt anba 1ye kolòn lan.
- Si ou renmen plis pase yon kandida, ranpli oval ki koresponn ak jiska senk chwa yo.
- Ou ka toujou chwazi vote pou yon sèl kandida si se sa ou pito. Si w klase lòt kandida, sa p ap afekte premye chwa w la.

PIGA klase yon kandida plis pase yon fwa. Si ou fè sa, se sèlman premye klasman ou fè pou li a k ap konte.

	1	2	3	4	5
KANDIDA A	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>
KANDIDA B	<input checked="" type="radio"/>				
KANDIDA C	<input type="radio"/>				
KANDIDA D	<input type="radio"/>				
KANDIDA E	<input type="radio"/>				

PIGA bay plizyè kandida menm klasman an. Si ou chwazi plis pase yon kandida kòm premye chwa ou, bilten vòt ou a p ap valid.

	1	2	3	4	5
KANDIDA A	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>
KANDIDA B	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
KANDIDA C	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
KANDIDA D	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
KANDIDA E	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

Pou pati **Sistèm Vòt Chwa Ki Pa Klase** a nan bilten vòt la (Pwokirè Distri, Komite Deta, Jij Tribunal Sivil (Distri oswa Konte), Chèf Distri, Delege pou Konvansyon Jidisyè) annik chwazi gress kandida ou pi pito a.

3 | Eskane Bilten Vòt ou

- Transpòte bilten vòt ou ki fin make a nan katab prive a pou ale nan espas eskanè a.
- Seleksyone chwa lang ou vle a lè w touche bouton ki koresponn nan sou ekran an.
- Foure bilten vòt ou ki make a nan eskanè a pou w vote. Eskanè a aksepte bilten vòt yo nan nenpòt ki direksyon oswa li kapab li toudebò yo. Eskanè a ap avèti w lè vòt ou a anrejistre.

Vòt Alamen

Si w vle vote pou yon kandida ki pa liste nan bilten vòt la, ou dwe:

- ekri non an sou liy "Write-in" (Ekri l alamen) a, epi
- ranpli yon oval pou w klase chwa w la.

Kijan pou w Itilize Aparèy pou Make Bilten Vòt la

Aparèy pou Make Bilten Vòt la bay de fason pou elektè yo aksede ak bilten vòt la:

- Gade bilten vòt la sou ekran afichaj la
- Koute bilten vòt la atravè kas odyofonik yo

Aparèy pou Make Bilten Vòt la bay kat fason pou elektè yo make bilten vòt la:

- Ekran Taktil
- Klavye Nimerik (Bray)
- Aparèy pou Rale ak Lage Souf
- Palèt ak Baskil

Swiv etap sa yo pou w make bilten vòt ou a pandan w ap itilize Aparèy pou Make Bilten Vòt la:

- Deside kijan w pral gen aksè epi make bilten vòt la.
- Foure bilten vòt ou a nan plato alimantasyon an.
- Seleksyone lang ou pito a.
- Aparèy pou Make Bilten Vòt la ap dirije w pandan tout pwosesis pou fè chwa w yo epi pandan revizyon sa w te seleksyone yo.
- Pou w chanje yon seleksyon, seleksyone kous oswa pwoblèm ou ta renmen chanje a epi reseleksyone chwa ki kòrèk la. Seleksyone "NEXT" (PWOCHEN) pou w retounen nan rezime ekran an.
- Seleksyone "Mark Ballot" (Vote) pou w enprime bilten vòt ou ki make a.
- Pran bilten vòt enprime w la ak kat elektoral ou epi pote l nan zòn eskanè a.
- Si w bezwen èd, pou foure bilten vòt ou a nan eskanè a, yon moun k ap travay nan biwo vòt la ap ede w.

Sonje:

Vire Bilten Vòt ou a sou lòt bò a! Ka gen enstriksyon ak/oswa pwopozisyon sou bilten vòt yo pou vote nan do a.

Ranpli fòm oval la annantye. Piga itilize yon "x", yon "√", oswa piga ansèkle oval la.

Fason pou ranpli Bilten Vòt pou Sistèm Vòt Chwa Klase a: Klase jiska senk kandida nan lòd ou pito a. Ou ka vote tou pou **youn sèlman**

Ou ka vote pou yon kandida ke w ajoute alamen. Pou w vote pou yon kandida ke non l pa sou bilten vòt la ekri non an nan liy "Write-in" lan nan epi ranpli yon oval pou klase chwa w la.

Asire w ke w vote pou chak pòs e pou tout kesyon ki nan bilten vòt la. Gade tout sa ki nan bilten vòt ou a avèk atansyon anvan w eskane l. Asire w ke w vote pou chak kous ak pou chak pwopozisyon nan bilten vòt la.

Pwoblèm ak Solisyon

Mwen fè yon erè pandan m t ap make bilten vòt mwen an.

Si w vote an pèsòn, machin pou vote a ap fè w konnen si w bay plizyè kandida menm klasman an oswa si w soumèt yon bilten ki vyèj nèt lè w ap eskane li ladan. Si w fè yon erè, ou ka mande yon moun k ap travay nan biwo vòt la pou li ba w yon nouvo bilten vòt. Machin pou vote a p ap fè w konnen si w sote klasman oswa si w klase menm kandida a plizyè fwa, kòm se vòt premye chwa vòt ou a k ap toujou konte nan sitiyasyon sa yo.

Tèks la twò piti; mwen pa ka li bilten vòt sou papye mwen an.

Ap gen yon fèy pou agrandisman k ap disponib. Ou ka mande tou pou w itilize yon Aparèy pou Make Bilten Vòt la.